COVID-19 EMERGENCY INFORMATIVE LEAFLET

HOUSING- WORK - BUSINESS MEASURES

COVID-19 EMERGENCY INFORMATION
updated to 14 April 2020

Until May 3 person no fit move anyhow and dem stop many companies wey no too dey necessary. Di Government decide sey dem go offer differen kin of support wey fit help families and companies wey come dey face wahala because of di health emergency.

Na for here you go fit see di new law wey dem call "Cura Italia" – na wetin the Italò Government come dey do for the social and economic wahala wey the COVID-19 virus bring – dem write am for English, French, Spanish, Arabò, Chinese, Russian and Farsi and you go fit see oda usuful information for dis website wey dey follow so: http://www.integrazionemigranti.gov.it/Attualita/Approfondimenti/Pagine/--Emergenza-Coronavirus,-informazioni-utili-per-i-migranti.aspx

Dis one na very difficult time for everybody, so no be bad something to dey ask for help.
If you no fit get wetin you and your family need, make you ask for help to the social service wey dey work for the Local Government (Comune) wey you dey stay.

OIM
UN MIGRATION

PERMIT OF STAY

- **My permit of stay (soggiorno) go soon finish (expire), how i for do?** All the soggiorno wey expire between 31 January 2020 and 15 April 2020, go still dey valid until 15 June 2020. All the expired ID documents or di ones wey dey expire after 18 March 2020, given by di Government offices, go still dey valid until di 31 August 2020.

- **I fit ask for international protection (asylum)?** Yes. Make you know say all the Immigration Offices wey dey for Italy don close for now because of di health emergency, you go fit go meet di people wey dem dey Questura to tell dem wetin you wan do (na de asylum wey you wan ask).

HOUSE

- **I no fit stay again for di camp wey i dey (CAS, SIPROIMI), I fit go meet my family or friends wey dey stay for anoda city?** Di government sey e no dey possible make person dey go round wey no dey necessary, so dem talk say person go fit stay for di camp until dis emergency finish. If you commot for di camp dem go fit stop you for control, if you no tell dem the truth about wey you dey go or if you just dey go round for something wey no dey necessary according to di law, dem fit charge you from 400€ to 3000€.

  <u>The Government even block the transfer to second level camps (SIPROIMI) for people wey dem get international protection (5 years document).</u>

- **Dem fit pursue me commot for di house wey I dey stay if i no fit pay the rent?** The Government sey dem no fit pursue person for di place wey dey stay until 30 June 2020, some Italò regions dey help people to pay di place wey dem rent. We dey advice you to check for the website of the region wey you dey live.

- **I no get any place wey i fit stay, I go fit register any residence to benefit from di local services?** You go fit get an address wey belong to an association, a canteen or a dormitory wey dem know you or you fit ask to register for the list wey dey for any Italò Local Government (Comune) because dem get some addresses (residenza fittizia) wey dem fit register people wey no get any permanent place to stay.

OIM
UN MIGRATION



WORK

- **Dem fit pursue me from my working place dis time around?** Until May 16 dem fit pursue you only if you no follow the rules wey una gree with your ogà (licenziamento disciplinare) or for any reason wey no concern money matter.

- **I fit tell my ogà say I no de go work if di work no dey safe for me?** Yes, but only if di ogà no arrange di work in a way dat di workers go dey at least 1 meter far from each oda or if di ogà no gree give you any protection (mascherina) in di case wey no dey possible to distance the workers at least 1 meter from each oda. E dey possible to receive up to 100 € for people wey work under somebody in March only in case dem receive less than 40.000 € for di work wey dem do di all year 2019. Dis tin no fit work for people wey dem do *smart working* on March 2020 (di *smart working* na di work wey person dey do from di house because of the virus emergency).

- **Na by force for me to use di days of leaves wey i get?** Na only if you dey work for public office (civil servant) and you no fit do di *smart working*. If you de work for a private company, when you use your leaves you go receive the month salary complete before di company go fit ask for di social support wey dem dey give.

- **After dem close di schools, i no fit dey go work because my pickin dey for house. E get weting dem plan for dis tin?** If your pickin never reach 12 years or if e get any disability, you go fit ask for a special family leave of 15 days or a bonus to pay a babysitter. You fit find more information on INPS website, make you check the link wey dey follow so: https://www.inps.it/NuovoportaleINPS/default.aspx?itemdir=53550&lang=IT

- **I de use already the special leaves wey the law n. 104/1992 dey give, anything wey concern am dey different now?** On March and April you fit get extra 12 days of leaves and dem suppose pay you for dat days.

- **I dey work on my own (autonomo), anything wey dey for me?** Dem dey give 600€ for people wey dey work for themself, if dem work no dey stable like before because of di emergency wey we get now. You fit get more information on INPS website: https://www.inps.it/nuovoportaleinps/default.aspx?itemdir=53544.

- **E get wetin change concerning the unemployment benefit (disoccupazione) wey dem dey give if person work dey finish?** E no get any change to ask for the benefit, but dem postpone di last date when person go fit ask for am. For di works wey stop between 1 January 2020 and 31 December 2020, if no be you that stop am, you get 128 days to ask for di benefit (disoccupazione NASpi and DIS-COLL). Concerning the benefit for people wey work for agriculture in 2019, you go fit ask for am until 1 June 2020 (before the last date to ask for am be 31 March).

OIM
UN MIGRATION

VOUCHERS

- **Money no dey my hand to buy wetin me and my family need, who go fit help me?** Local Governments (Comuni) fit support people wey dem get dis kin wahala with some shopping vouchers, we advice you to check dis tin for di website of the Local Government wey you dey stay to know how you go fit ask for am. If you no get any residence for di place wey you dey, make you ask for help to the Caritas wey dey your area or ask if anoda kin of support dey for dat area.

SPECIAL MEASURES FOR BUSINESSES

- **I don close or reduce di work of my company because of the emergency, how I go do with people wey dey work for me?** E dey possible to ask for special leave with Government support (cassa integrazione in deroga) for di time wey di work no go dey (https://www.inps.it/nuovoportaleinps/default.aspx?itemdir=50278).

  Di Government also block the payment of taxes and loans for di company, dem don increase wetin dem call the Fondo di Garanzia (Central Guarantee found) so dat e go be easier for person to get a loan (negotiation) and dem also reduce di commission wey person for pay for di loan. We dey advice you to contact an accountant or di association wey dey work for di kin of business wey you dey do.

OIM
UN MIGRATION